

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik panalungtikan, jeung instrumen panalungtikan. Panalungtikan anu dilakukeun téh kaasup kana panalungtikan kualitatif. Moleong (dina Arikunto, 2013, kc. 22) ngébréhkeun yén panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu nyoko kana sumber data dina wujud kekecapan boh sacara lisan boh tulisan. Lian ti éta, hal anu ditalungtikna téh ditalaaah leuwih jero sangkan bisa kacangking ma'nana. David Wiliam (dina Moleong, 2007, kc. 5) nétélakeun nu disebut panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikan ngumpulkeun data tina hiji latar alamiah, ngagunakeun métode alamiah, sarta dilakukeun ku panalungtik anu ka irut sacara alamiah.

Anapon métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Ratna (2014, kc. 53) nétélakeun yén métodeu déskriptif nyaéta métodeu anu dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta, satuluyna kana tahap nganalisis. Cindekna, métode déksriptif analisis téh métode anu dilaksanakeun pikeun manggih pasualan-pasualan faktual anu satuluyna dilanjutkeun kana tahap analisis.

Métode déskriptif analisis dina ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis struktur dina naskah drama *Geber-geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana. Satuluyna hasil analisis struktur naskah drama téh dipatalikeun jeung bahan pangajaran paguneman di kelas V SD.


#### 3.1 Desain Panalungtikan

*Desain* panalungtikan nya éta rarancang panalungtikan anu rék dilaksanakeun ku panalungtik (Arikunto, 2013, kc.90). *Desain* panalungtikan miboga tujuan pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan, ti mimiti ngarumuskeun masalah nepikeun ka nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan anu dilakukeun.

Anapon rarancang/*desain* ieu panalungtikan ébréh dina bagan di handap

### **Bagan 3.1**

### **Desain Panalungtikan**



### **3.2 Data jeung Sumber Data**

Data dina ieu panalungtikan nya éta sagemblengna eusi carita dina kumpulan naskah drama murangkalih *Geber-geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana. Anapon data lian nu digunakeun pikeun ngeuyeuban ieu panalungtikan diantarana buku sumber, artikel jurnal, jeung panalungtikan-panalungtikan saméméhna anu patali jeung ulikan struktural.

Nurutkeun Arikunto (2013, kc.172) sumber data dina panalungtikan nya éta subjék nu bisa dipaké pikeun nyangking data. Anapon sumber data dina ieu panalungtikan nya éta naskah drama murangkalih *Geber-geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana citakan kadua taun 2010 anu diterbitkeun ku Penerbit PT Pustaka Sunda.

#### **3.2.1 Idéntitas Naskah Drama**

|             |   |
|-------------|---|
| Judul       | : <i>Geber-geber Hihid Aing</i>                                 |
| Pangarang   | : Wahyu Wibisana  |
| Medal       | : - Citakan ka-1 1976<br>- Citakan ka-2 Maret 2010              |
| Penerbit    | : - Citakan ka-1 Pelita Masa<br>- Citakan ka-2 PT Pustaka Sunda |
| Kandel Buku | : 81 kaca   |
| Ukuran Buku | : 20,4 cm × 14,5 cm   |

**Gambar 3.1**  
**Jilid Naskah Drama *Geber-geber Hihid Aing***



Naskah drama *Geber-geber Hihid Aing* karya wahyu Wibisana ti ngawitan citakan kadua (Maret 2010) diterbitkeun ku Penerbit PT Pustaka Sunda. Eusi naskah drama *Geber-geber Hihid Aing* aya genep naskah nya éta “Budak Leutik Bisa Ngapung”, “Sang Irik-irik Kijang”, “Geber-geber Hihid Aing”, “Hiji, Dua, Tilu... Gajleng”, “Sakadang Ténggék”, jeung “Seuhah Lata-lata”. Dina éta naskah diluhur eusina aya wangun sajak, kakawihan, kawih, jeung dangding, éta genep naskah téh diwangun ku lalakon anu basajan, nya éta dongéng barudak atawa kaulinan barudak.

### **3.2.2 Biografi Singget Pangarang**

Wahyu Wibisana lahir di Cisayong, Tasikmalaya 19 Januari 1935. Garapanana kawilang réa tapi aya patalina jeung widang pendidikan, pangajaran, nulis, panalungtikan, jeung kabudayaan (adat istiadat, kasenian, basa katut sastra). Karya tulisna mangrupa bahasan tina hal basa, sastra, kasenian jeung kabudayaan

umumna. Salian ti éta, karangan fisikna kaitung panglobana –genrena, geura baé ti mimiti sajak, rumpaka lagu, dangding, guguritan, carita pondok, naskah drama, gending karesmén, jeung naskah oratorium.

Taun 1957 milu marajian lahirna *Manglé* di Bogor. Jadi rédaksi sarta pamimpin rédaksi *Manglé* (1957-1964) jeung Wangsit (1971-1977), jadi anggota DPRD Jawa Barat (1971-1977), Ketua BKKNI tk. Propinsi JABAR (1977-1982), Ketua Biro Cendekiawan dan Seni Budaya DPD 1 Golkar JABAR (1984-1988), jrrd. Kungsi nyepeng kalungguhan-kalungguhan anu boga pancén ngagarap kasenian, kayaning Putra Sunda di Bogor jeung Nonoman Sunda di Bandung.

Rumpaka laguna nu kaitung sohor nya éta “Samoja” jeung “Reumis Beureum dina Eurih”, gending karesmén nu ditulis jeung disutradaraan ku anjeunna pribadi, katut dipertunjukeun sacara kolosal nya éta: “Munding Laya Saba Langit” (1962), “Inten Déwata” (1963), “Galunggung Ngadeg Tumenggung” (1978). Naskah drama modern-na diantarana: “Dua Utusan” (1956), “Tongéret Banén” (1967), “Tukang Asahan” (1978). Bukuna nu tos medal diantarana: *Urang Naon di Cinaon; Kembang Katiga* (kumpulan sajak 1992; 1998) *Geber-geber Hihid Aing* (Purnadrama Murangkalih), *Riring-Riring Tjiawaking* (kumpulan dangding, 1999), jeung *Lima Abad Sastra Sunda* (antologi sastra, 2000) dina Biodata nu Ngarang buku *Lir Cahya Nyorot Eunteung* (Karsana & Isnédés, 2014, kc. 728-729).

### 3.3 Téhnik Panalungtikan

Pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan aya dua hal anu digunakeun, nya éta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

#### 3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik talaah pustaka. Téhnik talaah pustaka mangrupa kagiatan niténan, nalaah, sarta ngaidéntifikasi bahan bacaan anu aya patalina jeung panalungtikan. Jadi, téhnik talaah pustaka dina ieu panalungtikan dipaké pikeun ngumpulkeun data ku

cara maca sumber data nya éta naskah drama *Geber-geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana dibarengan ogé ku data séjén anu ngarojong sarta anu raket patalina jeung struktural naskah drama sarta buku sumber ngeunaan bahan pangajaran. Ari léngkah dina ngumpulkeun datana nya éta:

- 1) maca buku-buku anu patali jeung strukturalisme jeung bahan pangajaran;
- 2) nangtukeun sumber data, nya éta naskah drama *Geber-geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana;
- 3) maca sagemblengna naskah drama *Geber-geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana.

### **3.3.2 Téhnik Ngolah Data**

Sabada data kakumpul, léngkah satuluyna anu kudu dilakukeun nya éta ngolah data. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 281) ngolah data mangrupa proses anu ngagunakeun rumus-rumus atawa aturan-aturan anu saluyu jeung pamarekan panalungtikan atawa desain panalungtikan. Dina ieu panalungtikan, téhnik anu dipaké nya éta téhnik analisis. Anu dianalisisna nya éta: analisis struktural naskah drama *Geber-geber Hihid Aing* jeung analisis bahan pangajaran paguneman. Anapon di handap ieu baris didadarkeun hal-hal naon waé anu dipedar patali jeung kagiatan analisis data.

#### **1) Téhnik Analisis Struktur Naskah Drama *Geber-geber Hihid Aing***

Dina kagiatan analisis data, anu munggaran dianalisis nya éta nganalisis struktural dina naskah drama *Geber-geber Hihid Aing*. Struktural naskah drama *Geber-geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana baris dianalisis ngagunakeun tiori struktural sacara umum numutkeun para ahli anu ngawengku téma, galur, panokohan, latar, jeung moral/amanat jeung analisis struktur naskah drama anu ngawengku prolog, dialog, babak, épisode, adegan, wawancang, solilokui, aside, jaung épilog. Ku kituna, anu baris dianalisis téh nya éta téma, galur, panokohan, latar, jeung moral/amanat sarta prolog, dialog, babak, épisode, adegan,

wawancang, solilokui, aside, jaung épilog dina naskah drama *Geber-geber Hihid Aing*.

## 2) Téhnik Analisis Bahan Pangajaran Paguneman

Kagiatan analisis pamungkas dina ieu panalungtikan nya éta analisis bahan pangajaran paguneman pikeun murid kelas V SD. Analisis bahan ajar ieu suméndér kana kritéria milih bahan ajar anu ditétélakeun ku Nasution. Sabada maluruh struktur dina naskah drama *Geber-geber Hihid Aing*, tuluy hasilna dianalisis deui, saluyu atawa henteu jeung kritéria milih bahan pangajaran. Saupama saluyu, hartina ieu naskah drama bisa jadi bahan tinimbangan pikeun salasahiji bahan ajar paguneman di kelas V SD. Anapon kritéria milih bahan pangajaran anu kudu diperhatikeun sangkan saluyu jeung tujuan nu hayang dihontal nurutkeun Nasution (dina Haérudin & Kardana, 2013, kc.77) nya éta:

- (1) tujuan nu hayang dihontal;
- (2) dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusia;
- (3) dianggap mibanda ajén minangka warisan ti entragan saméméhna;
- (4) aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan;
- (5) luyu jeung kabutuh katut minat siswa.

Data anu geus kakumpul tina kagiatan analisis data, tuluy diolah dumasar kana léngkah-léngkah di handap.

- a) Niténan data nu geus kakumpul.
- b) Nganalisis data, ku cara nyirian bagian-bagian anu nuduhkeun struktural (ngawengku téma, galur, panokohan, latar, jeung moral/amanat) anu aya dina naskah drama *Geber-geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana.
- c) Nyalin kana kartu data struktural sangkan leuwih gampang diolah.
- d) Nganalisis hasil analisis struktural dina naskah drama *Geber-geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana dumasar kana kritéria milih bahan ajar.
- e) Nyusun bahan pangajaran paguneman di kelas V SD.

f) Nyindekkeun hasil analisis data.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén diperlukeun pikeun meunangkeun data. Data kaasup hal anu kalintang pentingna pikeun ngajawab sakabéh masalah dina panalungtikan. Instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun, ngolah, jeung ngainterprétasi sagala informasi anu ditarima (Arikunto, 2013, kc.263).

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nya éta instrumén panalungtikan dina ngumpulkeun data jeung instrumén panalungtikan dina ngolah data. Instrumén dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun nganalisis struktural dina naskah drama *Geber-geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana anu hasilna dilarapkeun jadi bahan pangajaran paguneman di kelas V SD.

#### 3.4.1 Instrumén Panalungtikan Ngumpulkeun Data

Instrumén panalungtikan ngumpulkeun data, nya éta instrumén tabél céklis buku sumber. Buku-buku anu bakal jadi sumber dina ieu panalungtikan didata heula anu eusina ngarajong kana panalungtikan. Sabada didata, tuluy éta buku-buku téh dibaca laju dipilih, mana buku anu ahirna bakal digunakeun dina ieu panalungtikan. Buku anu kapilih tuluy dicéklis dina tabél di handap.

**Tabél 3.1**  
**Conto Tabél Céklis Buku Sumber**

| No | Idéntitas Buku                                     | Katégori Buku   |
|----|--|---|
| 1  | Judul :<br>Panulis :<br>Taun Medal :<br>Penerbit : | 1. Sastra<br>2. Sastra Anak<br>3. Strukturalisme<br>4. Naskah Drama<br>5. Drama<br>6. Pangajaran<br>7. Métode Panalungtikan |

#### 3.4.2 Instrumén Panalungtikan Ngolah Data

Instrumén panalungtikan ngolah data nya éta kartu data atawa anu gunana pikeun ngumpulkeun jeung mindahkeun data nu geus aya sangkan leuwih gampang diolah jeung dipikaharti. Ieu tabél data téh gunana pikeun ngumpulkeun data hasil analisis struktural dina naskah drama *Geber-geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana. Satulunya hasil analisis dilarapkeun jadi bahan pangajaran paguneman di kelas V SD dumasar kana kritéria milih bahan ajar ngagunakeun tabél céklis analisis bahan ajar. Di handap ieu mangrupa gambaran kartu jeung tabél data anu digunakeun panalungtik dina ngolah hasil panalungtikan.

**Gambar 3.2  
Conto Kartu Data Téma**

- |                   |   |
|-------------------|---|
| 1. Kode Data      | : |
| 2. Téma           | : |
| 3. Cutatan Carita | : |

**Gambar 3.3  
Conto Kartu Data Galur**

- |                    |   |
|--------------------|---|
| 1. Bagian/Épisode  | : |
| 2. Wincikan Carita | : |

**Gambar 3.4  
Conto Kartu Data Tokoh & Watek Tokoh**

- |                 |   |
|-----------------|---|
| 1. Kode Data    | : |
| 2. Jenis Tokoh  | : |
| 3. Ngaran Tokoh | : |
| 4. Watek        | : |

5. Cutatan Carita :

**Gambar 3.5  
Conto Kartu Data Latar**

- |                   |   |
|-------------------|---|
| 1. Kode Data      | : |
| 2. Jenis Latar    | : |
| 3. Cutatan Carita | : |

**Gambar 3.6  
Conto Kartu Data Moral/Amanat**

- |                   |   |
|-------------------|---|
| 1. Kode Data      | : |
| 2. Cutatan Carita | : |

**Tabél 3.2  
Conto Tabél Céklis Analisis Bahan Ajar**

| No | Kriteria Milih Bahan Ajar                                    | Naskah Drama<br><i>Geber-geber Hihid<br/>Aing</i> |          | Keterangan |
|----|--|---|----------|------------|
|    |  | Luyu  | Teu Luyu |            |
| 1  | Tujuan nu hayang dihontal                                    |   |          |            |
| 2  | Dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa                |   |          |            |
| 3  | Dianggap mibanda ajén minangka warisan ti entragan saméméhna |   |          |            |
| 4  | Aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan                      |   |          |            |
| 5  | Luyu jeung kabutuh katut minat siswa                         |   |          |            |

Ieu di handap didadarkeun conto ngeusian salahsiji kartu data struktural jeung tabél céklis analisis bahan ajar.

**Gambar 3.7**  
**Conto Analisis Latar**

|                   |   |  |
|-------------------|---|--|
| 1. Kode Data      | : | BLBN/4/2/11  |
| 2. Jenis Latar    | : | Latar wanci burit  |
| 3. Cutatan Carita | : | “Layung, layung cahya di kulon ngempur, hurung, hurung langit di kulon ngagebur burit, burit beurang rék ganti ku peuting, balik, balik geus beungbeungan nu arulin’ |

Pengkodean data dilakukeun dumasar kana unsur anu dianalisis. Dina pengkodean struktural, salahsiji contona pengkodean latar di luhur katitén aya kode BLBN/4/2/11/1. BLBN nya éta kode pikeun judul naskah drama nya éta “Budak Leutik Bisa Ngapung”. Kode 4 nya éta kode pikeun latar, 2 nya éta kode urutan data, sarta 11 nya éta kode kaca. Kode pikeun judul naskah drama nya éta (BLBN) “Budak Leutik Bisa Ngapung”, (SIIK) “Sang Irik-irik Kijing”, (GGHA) “Geber-geber Hihid Aing”, (HDTG) “Hiji, Dua, Tilu... Gajleng”, (ST) “Sang Ténggék”, jeung (SLL) “Seuhah Lata-lata”. Kode pikeun struktural nya éta (1) téma, (2) galur, (3) tokoh jeung panokohan, (4) latar, (5) moral/amanat.

**Tabél 3.3**  
**Conto Analisis Bahan Ajar**

| No | Kritéria Milih Bahan Ajar                                    | Naskah Drama<br><i>Geber-geber Hihid Aing</i> |          | Keterangan |
|----|--|---|----------|------------|
|    |  | Luyu  | Teu Luyu |            |
| 1  | Tujuan nu hayang dihontal                                    |   |          |            |
| 2  | Dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa                |   |          |            |
| 3  | Dianggap mibanda ajén minangka warisan ti entragan saméméhna |   |          |            |
| 4  | Aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan                      |   |          |            |
| 5  | Luyu jeung kabutuh katut minat                               |   |          |            |

|  |       |  |  |  |
|--|-------|--|--|--|
|  | siswa |  |  |  |
|--|-------|--|--|--|

Pikeun ngeusian tabél di luhur, hasil analisis struktural naskah drama *Geber-geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana tinangtu kudu bérés heula. Sabada kacangking hasil analisisna, mimiti asup kana tahap analisis bahan ajar. Carana nya éta, ditingali naha naskah drama *Geber-geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana téh luyu atawa henteu jeung lima kritéria milih bahan ajar di luhur. Saupama luyu, dicéklis (✓) dina kolom luyu, kitu ogé sabalikna, saupama teu luyu dicéklis (✓) dina kolom teu luyu bari dieusian alesanana dina kolom keterangan.